# DONE REZILTA DELAWARE YO

**Rezilta twa timoun yo fè referans a konesans timoun yo bezwen, ansanm ak aksyon yo egzije pou fonksyone ak siksè nan tout paramèt yo. Pou reyisi, li enpòtan pou timoun yo gen kapasite pou antann yo ak lòt yo, swiv ansanm prensip ki tabli nan yon gwoup, kontinye aprann nouvo bagay, epi pran swen bezwen fondamantal yo nan yon mannyè ki apwopriye. Reyalize rezilta sa yo ap ede timoun yo travay byen lakay yo, nan lekòl yo, ak nan anpil paramèt atravè kominote yo.**

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou
tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo

## Endikatè 7A- Rezilta nan Ti Anfans pou Konpetans Emosyonèl Sosyal

Pousantaj timoun preskolè nan IEP ki genyen soti 3 rive 5 lane ki montre amelyorasyon nan twa Rezilta Ti Anfans annapre yo:

A. Konpetans sosyal ak emosyonèl pozitif yo(sa ki gen ladan l relasyon sosyal yo);

**Mezi & Kalkil:**

**Deklarasyon Rezime 2:** Pousantaj timoun preskolè ki t ap fonksyone selon atant laj yo nan chak rezilta avan yo atenn laj 6 lane oubyen kite pwogram nan.

Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyònman pou rive nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj ak yo **(+)** Pousantaj timoun preskolè ki te kontinye fonksyone nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj ak yo

---

Pousantaj timoun ki nan preskolè ki pa t amelyore **(+)** Pousantaj preskolè timoun ki amelyore yo fonksyòman men pa ase pou pwoche pi pre nivo fonksyònman ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj ak yo **(+)** Pousantaj preskolè timoun ki amelyore yo fonksyònman nan yon nivo ki pi pre kamarad ki gen menm laj ak yo men ki pa t atenn li **(+)** Pousantaj preskolè timoun ki amelyore yo fonksyònman pou rive nan nivo ki ka konpare ak timoun ki gen menm laj ak yo **(+)** Pousantaj preskolè timoun yo asire antretyen yo fonksyònman nan nivo ki ka konpare ak timoun ki gen menm laj ak yo

### Done sou Rezilta Istorik 7A: Deklarasyon Rezime 2

| FFY | 2014 | 2015 | 2016 | 2017 | 2018 | 2019 | 2020 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Target | 55.30% | 56.70% | 58.00% | 59.30% | 60.70% | 60.70% | 47.53% |
| Actual Data | 50.32% | 51.47% | 51.26% | 51.06% | 50.95% | 46.63% | |

Delaware Department of Education